tere na nisër, daal di wax ne: "du indi aw yiw, waaye dees ciy genne aji-nay ji

Jële nañu ci Ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gërëm Mu jële ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne moom Yónente bi tere na nisër, daal di wax ne: "du indi aw yiw, waaye dees ciy genne aji-nay ji".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tere na nisër, te mooy nit ki waral ci boppam lu Sariiha waralul ci moom, mu wax ne: nisër du gaawal dara te du ko yéexal, waaye dañu ciy genne ku nay ki dul def lu dul li war ci moom, ak ne nisër du indi dara lu dul lu ñu dogal ci moom.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/2960